



Pou Piblikasyon Imedya: 30/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

SIPÒTE SEKOURIS YO: GOUVÈNÈ HOCHUL METE AKSAN SOU EFÒ ETA POU PWOTEJE PONPYE YO PANDAN MWA KONSYANTIZASYON SOU KANSÈ PONPYE YO

Pwotokòl dekontaminasyon Eta a redui ekspozisyon ponpye yo fas ak kontaminan toksik yo a 85 pousan

Gouvènè Hochul te entwodwi lejislasyon pou entèdi yo vann ekipman pou ponpye ki gen PFAS k ap redui ekspozisyon fas ak kontaminan danjere ak diminye risk sante yo

Gouvènè Kathy Hochul jodi a te mete aksan sou efò pwotokòl Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi (Office of Fire Prevention and Control, OFPC) Eta a ki vize pwoteje ponpye Nouyòk yo ak fanmi yo pandan Mwa Konsyantizasyon sou Kansè Ponpye yo. Etid yo montre ponpye yo gen yon risk kansè pi wo pase piblik la an jeneral, lajman akòz ekspozisyon yo fas ak yon nivo ogmantasyon toksin yo te jwenn nan lafimen nan estrikti ensandi yo. Nan kad Diskou Eta Leta 2025 la, Gouvènè Hochul te anonse nouvo lejislasyon pou entèdi yo vann ekipman pou ponpye ki gen kontaminan pèfliyowo-alkile ak polifliyowo-alkile oswa PFAS emèjan nan Eta Nouyòk pou asire ponpye nou yo gen aksè ak pi bon kalite ekipman pwoteksyon ki pi an sekirite ki disponib pandan y ap diminye potansyèl enpak sou sante piblik ak anviwònman pwodwi chimik sa yo.

"Kenbe ponpye eta nou yo an sekirite pandan y ap mete lavi yo an danje pou pwoteje moun yo ak kominote yo atravè Nouyòk absoliman enpòtan, epi nou pral kontinye fè tout sa nou kapab pou pwoteje yo kont toksin danjere yo vin an kontak avèk yo nan kad travay la." **Gouvènè Hochul te deklare**, "Mwen pral kontinye asire ke ponpye ak sekouris nou yo gen tout ekipman ak resous yo bezwen pou pwoteje tèt yo pandan y ap travay pou pwoteje kominote pa yo."

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta Nouyòk la, Jackie Bray, te deklare, "Ponpye Nouyòk yo mete lavi yo an danje pou kenbe kominote nou yo ak moun nou yo an sekirite chak jou. Ede yo diminye ekspozisyon yo fas ak eleman kanserijèn yo ke yo konfwonte pandan y ap fè travay yo enpòtan anpil. Angajman nou pou ede yo diminye risk ekspozisyon yo epi asire yo gen konesans ak resous yo bezwen pou pwoteje tèt yo, ap toujou yon pi gwo priyorite."

Pou asire ke ponpye Nouyòk yo pa sèlman okouran de menas sa a, men tou konnen kijan pou yo limite pwòp risk pa yo, ofisyèl Ponpye Eta yo te devlope pwotokòl debaz pou dekontamine ekipman ponpye yo apre yon repons ijans epi yo kontinye ofri fòmasyon ak edikasyon nan tout eta a pou ankouraje ponpye yo itilize yo. Depi 2022, plis pase 3,200 elèv te sibi fòmasyon atravè Eta Nouyòk.

Rechèch yo montre ke manm sèvis ponpye yo ka pran mezi ki senp epi ki pa chè pou diminye ekspozisyon yo fask ak toksin ak lòt kanserijèn jiska 85 pousan atravè pwosesis dekontaminasyon ekipman yo, lè yo sèvi avèk ti sèvyèt dezenfektan nan figi ak men yo pandan yo sou sèn ensandi a, ak nan douch apre yon dife. Mezi sa yo sèvi tou pou pwoteje fanmi yo lè yo redui ekspozisyon envolontè lè yo retounen lakay yo soti nan estasyon an apre orè travay yo oswa yon entèkansyon.

Ofisyèl Ponpye Eta yo fè patenarya ak kowòdonatè ponpye konte yo atravè Eta a pou pwograme klas Rediksyon Kontaminasyon Ponpye ak Prevansyon Kansè. Pandan pwogram fòmasyon sa yo, enstriktè Ponpye Eta yo distribiye kit dekontaminasyon ponpye bay patisipan yo. Nan chak sesyon, ponpye yo wè yon demonstrasyon an dirèk sou pwotokòl dekontaminasyon yo, yon nouvo videyo edikatif ki detaye pwotokòl yo ak risk ponpye yo ap fè fas epi yo gen yon opòtinite pou yon Q&A (Kesyon & Repons) ak pèsonèl OFPC yo. Kit yo genyen enfòmasyon sou dekontaminasyon imedyatman apre repons ensidan an ak atik, tankou yon bokit senk galon, sèvyèt apre dife, kawotchou, detèjan, bwòs, ak boutèy esprey. Depi 2023, plis pase 1,100 estasyon ponpye Eta Nouyòk resevwa lit dekontaminasyon. Anplis de sa, OFPC ap elaji lis klas konplè li a ak fòmasyon pou lite kont ensandi pou mete yon seksyon sou konsyantizasyon kont kansè ak edikasyon prevansyon.

Administratè Ponpye Eta a, James Cable, te deklare, "Fòmasyon sa a gen entansyon ogmante konsyantizasyon sou risk kansè ponpye yo fè fas ak bay mezi senp ponpye yo ka pran pou diminye risk sa yo pou tèt yo ak fanmi yo. Objektif nou se bay yon kit dekontaminasyon pou chak estasyon ponpye nan Eta a."

Si yo pa byen dekontamine ekipman pou ponpye apre yon dife, ponpye yo riske ekspoze pwodui chimik danjere nan kay ponpye pa yo ak nan pwòp kay yo, sa ki kapab lakoz domaj pou kòlèg travay yo ak manm fanmi yo. Dapre de etid ki te fèt pa Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay (National Institute for Occupational Safety and Health, NIOSH), yo ap dyagnostike ponpye yo kounye a ak kansè nan yon pousantaj ki prèske 10 pousan pi wo pase piblik la an jeneral epi fè eksperyans lanmò ki gen rapò ak kansè nan yon pousantaj ki prèske 15 pousan pi wo.

Pou konbat tandans sa yo, DHSES ak OFPC te etabli pwotokòl debaz ki pa chè ki pral kontribiye yon fason sinifikatif nan limite ekspozisyon ponpye yo fas ak pwodui chimik danjere ke yo souvan jwenn nan lafimen.

Si yo ekspoze pandan yon repons, ponpye yo ta dwe:

- Fè yon dekontaminasyon an gwo sou plas, sispann ekspozisyon an, epi sispann pwopagasyon kontaminan nan aparèy la ak estasyon an.
- Pandan yo sou plas la, sèvi ak sèvyèt apre dife pou diminye ekspozisyon yo.
- Benyen pi vit ke posib epi mete rad pwòp.
- Lave zouti, ekipman, ak aparèy apre dife.
- Transpòte ekipman nan resipyan ki pa pèmeyab tankou yon sak fatra transparan.
- Mete sèlman ekipman pwòp, ki gen ladan kagoul.

Ponpye ki entèrese pou patisipe oswa òganize yon sesyon edikatif ka wè [kalandriye fòmasyon](#) Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta oswa kontakte kowòdonatè ensandi konte pa yo.

Nan kad Diskou Eta Leta 2025 la, [Gouvènè Hochul te anonse nouvo lejislasyon pou entèdi yo vann ekipman pou ponpye ki gen kontaminan pèfliyowo-alkile ak polifliyowo-alkile \(PFAS\) emèjan](#) nan Eta Nouyòk pou asire ponpye nou yo gen aksè ak pi bon kalite ekipman pwoteksyon ki pi an sekirite ki disponib pandan y ap diminye potansyèl enpak sou sante piblik ak anviwònman pwodwi chimik sa yo. Pou pwoteje tèt yo, ponpye yo konte sou ekipman pwoteksyon espesyalize ki fèt pou kenbe tèt ak tanperati ekstrèm ak repouse dlo ak lwil. Pandan plizyè ane, ekipman esansyèl sa te kenbe malerezman kontaminan k ap soti pou sibstans polifliyoriyalkil (per-and polyfluoroalkyl substances, PFAS). Prèk ap evolye te revele danje potansyèl nan ekspozisyon PFAS, ki souleve enkyetid konsènan sante alontèm ak sekirite ponpye nou yo menm si nou kontinye travay pou limite emisyon kontaminan sa nan lè, tè ak dlo Nouyòk yo. Lejislasyon an ta antre an vigè an 2028.

Enfòmasyon sou Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi Eta a

Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi a bay ponpye yo, sekouris ijans yo, ajans gouvènman lokal ak eta yo, inivèsite piblik ak prive yo, ak sitwayen Nouyòk yo yon bann sèvis pou ede asire sekirite tout moun ki enplike. OFPC fè sekirite piblik la pwogrese atravè pwogram fòmasyon ponpye, edikasyon, prevansyon ensandi, pwogram operasyon espesyal ak teknik sovtaj.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta Nouyòk la ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn ak, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou jwenn plis enfòmasyon, jwenn nou sou Facebook, swiv nou sou Twitter oswa Instagram, oswa vizite sit entènèt nou an.

###

Lèt nouyèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)